- Abira : Iya Kang, bener! (gerah apa to jane?). Yen aku matur, saru pora jane?
Arram : Lho saru piye? Ngapa ndadak ditutup-tutupi?
Abira : Ngene Kang, tumrap bangsaku Isroil, gerahing Sang Naaman kuwi gerah sing wigati. Sang Naaman kuwi gerah budhug, utawa ana sing ngarani lara kusta utawa lepra. Miturut kapercayaaning bangsaku, bangsa Isroil, wong sing lara kusta kuwi kudu disingkiri, ora kena dicedhaki.
Kadan : Mengko to, jane-jane lara kusta kuwi lara sing kepiye?
Abira : Kuwi lara kulit, kulite mlepuh-mlepuh, kaya wudun, kaya boroken, mati rasa, balunge lara, engsel-engsele balung lara kabeh, alis lan rambute rontok, kulite garing, otot-otote lemes, lan ana tatu-tatu nanging ora perih.
Kadan : Lhoh? Lha sing dadi jalarane apa, kok wong isa lara kusta?
Abira : Aku mono wong bodho. Aku ora ngerti apa sebabe wong bisa lara kusta. Ngertiku, lara kusta kuwi minangka paukuman saka sing gawe urip!
Arram : Wah, apa ya ngono... Lara kusta kuwi nular pora?
Abira : Ya, nular, yen cedhak-cedhak tur kumpul suwe karo wong lara kusta ya isa ketularan!
Kadan : Ha? Mangka kowe kerep cedhak-cedhak karo Sang Senopati! Kok kowe ora ketularan?
Abira : Wong aku rajin 5 M kok. Memakai masker, menjaga jarak, mencuci tangan, menghindari kerumunan lan mengurangi mobilitas! (lawang diketuk)
Araminta : Abira, abira...
Abira : Aduh, wis ya kang, aku ditimbal ndara den ayu Araminta!
Arram : Ya wis, kana, kana... sing tawakal ya ndhuk...

Keterangan: Iringan Srepeg tawakal, Abira dibedhol pergi ke kiri, Arram Kadan dibedhol semua. Iringan menjadi ketawang Welasana Amba, tampil Naaman posisi tertidur, Arraminta dan Abira disampingnya. Janturan.

Adegan 3: Naaman, garwa (=Araminta) lan Abira (suasana sedih)

Janturan singkat:

Bangsa Siria kang kaprentah dening Prabu Ben Hadad pancene mempang perang lumawan bangsa Isroil. Kabeh mau ya amung saka pratikele sang Senopati pinunjul kang peparab Sang Naaman! Nanging, suwasana ing griya kasenopaten kedadak dadya surem-surem diwangkara kingkin awit Sang Naaman nandhang gerah kusta utawi lepra. Sang senopati katingal hamung dheleg-dheleg den adhep keng garwa nenggih sang Araminta, tan kantun den adhep keng Abdi Abira. Mangkana wijiling pangandika sang Araminta kang dereng kawiyos ing lesan.

Iringan suwuk

Sendhon tlutur:

Surem-surem diwangkara kingkin, lir manguswa kang layon, -O-, Denya ilang memanise, wadananira layu, kumel kucem rahnya maratani, -O-

Araminta : Dhuh kakang senopati... Dosa apa ta ingkang mbok sandhang dene paduka nandhang gerah kok kaya mangkono. Duh, duh... gek kulite mlepuh-mlepuh, kaya wudun, kaya boroken, kulite katon garing, lan kaya ana tatu-tatune. Aku ya wis ora kurang-kurang anggone ngupaya supaya gerahmu bisa saras Kakang. Wong pinter saka ngendi-ngendi wis tak undang mreng supaya bisa ngusadani gerahmu. Nanging kok durung ana kasile... Ooooh, kakang-kakang. Jebul lara kusta kuwi angel tambane! Oh kakang, kakang... Sing ndak suwun, muga enggala antuk usada ya Kakang.

Abira :“Ndara den ayu... Menawi kepareng kula badhe matur. Kula badhe matur, bilih ing Samaria, ing tanah Isroil, woten Nabi ingkang saged paring usada dhateng gerahing Njeng Senopati! Estu punika! Mangga kula aturi Njeng senopati tindak dhateng Isroil manggihi Nabi punika!

Patet lima jugag

Pindha sangsam, angupados toya,suksma kula ngesthi mring Paduka, -O-,-O-,ngesthi mring paduka, -O-,-O-, pindha sangsam, -O-, -O-

Naaman : Heh Abira, kowe Abdi kang saka tanah Isroil, ngaturke panuwun dene kowe asung pituduh anane tamba gerahku iki! Kowe mau kandha yen ana sakwijining Nabi ing tanah Isroil sing bisa paring usada, ngono? (Inggih leres kanjeng). Ya, yen mangkono aku bakal budhal menyang Isroil, nemoni Nabi kang bisa ngusadani gerahku iki! Heh, Araminta garwaku! Aku bakal nyuwun idi paliliah marang Sang Prabu Ben Hadad, apa aku dikeparengake mlebu ing praja Isroil kang wus teluk, lan bakal nggoleki Nabi sing bisa ngusadani gerahku iki!”

Araminta : Iya kakang senopati, mangga, menawa kersamu kaya mangkono, aku arep dhawuh supaya kreta lan kuda dicepakake, lan prajurit siyaga hangirit tindakmu menyang negara Isroil Kakang! Becik kakang Naaman nyuwun pamit marang Sang Prabu luwih dhisik, adat saben, Sang Prabu Ben Hadad bakal utusan supaya ana nawala sing luwih dhisik diaturake ing Isroil katur Prabu Yoahas!

Naaman : Iya, ya. Ing sakmangko, aku uga bakal nggawa dhurwit slaka sepuluh talenta, emas nem ewu sèkel lan ageman rakitan cacah sepuluh pengadeg (iya kakang, prayoga, kuwi kanggo bebungah katur Nabine). Ya bener, ya wis, pun kakang minta pamit yayi... (iya kakang, sing gedhe ing pangati-ati lan ndak balang puja mantra, muga lebda ing karya...)

Keterangan: Srepeg Gudhawa semua dibedhol, tampil prajurit sejumlah tiga orang, tanceb di kanan dan di kiri. Iringan suwuk.

Adegan 4 Budhalan

Suluk budhalan

Undhang wadya bala kuswa dyan tumenggung, aneng pasowanan njawi... swaraning tengara ngungkung, kumandhang ngawang-awang... tam-bur slompret.... gong bendhe beri lan poksor... tambur beri teteget sauran, lir aluning jalanidi.

Budhalan dari kiri ke kanan.

Adegan 5: Perang Gagal Prajurit Isroil vs Siria

Ada-ada Slendro nem

Sigra kang bala tumingal, prang campuh samya medali, lir thathit wileting gada, -O-

Keterangan: Srepeg-sampak Sala slendro nem Prajurit Isroil mundur, Senopati Naaman bisa masuk menghadap Prabu Yoahas. Sampak menjadi ayak-ayak slendro nem. Sirep, janturan.

Adegan 6: Naaman + Yoahas+Prajurit

Ayak-ayak sirep, Janturan:

Kocap, sanadyan katempuh mawi bandayuda, Sang Naaman wus prapta ing Kraton Isroil ngupaya usada. Ing sakmangke, sakderengipun madosi Sang Nabi Elisa, Sang Naaman sowan ing ngarsaning prabu Yoahas nedya ngaturkaken nawala kang saking Prabu Ben Hadad. Praptaning Naaman sang senopati, andamel cingak sang Prabu Yoahas.

Keterangan: Udhar, Suwuk.

Yoahas : *Lohh? Jeneng sira Naaman, senopatining bangsa Siria? Apa kowe bakal njarah rayah negaraku kene meneh? Ana wigati apa kowe Naaman?*

Naaman : *Waduh sinuwun, boten sinuwun, kula sowan punika sanes rembagan bab paprangan awit perang sampun paripurna. Samangke kula badhe ngaturaken nawala punika! Punika nawala saking Prabu Ben Hadad ing Siria.*

Yoahas : *“Layang? (layang kabukak)... Apa kang tinulis iki? Lho apa iki?!!*

Sampak sala slendro nem

Ada-ada slendro nem

Duka yayah sinipi jaja bang mawinga-winga, netra kocak ngondar-andir, kumejot padoning lathi... ooo...

Yoahas : *Heh, Naaman, saka nawala kang tinulis iki, semune Ratu Gustimu semu ngenyek klawan ingsun... Kowe apa bener lagi nandhang lara kusta? Kowe lara budhugen iya? Iki, iki Ratu Gustimu dhawuh supaya aku ngusadani laramu iki? Rajamu nggolek perkara meneh marang aku! Apa aku iki padha karo Gusti Allah, dene aku bisa ngusadani wong lara kusta kaya kowe kuwi! Heh, kowe Naaman, kowe wong sing kena sapu dendha! Dene senopati pinunjul kaya kowe kok kena lara kusta! Lha kok aku sing dikon nambani! Iki blas ora tinemu ing nalar! Iki padha karo ngenyek marang Prabu Yoahas! Yen mangkono iki padha karo ngiwakake panguwasaning Gusti Allah! Delengen, agemanku bakal dak suwek-suwek? Kowe ngerti tegese? Yen golek tamba, aja marang aku! Minggata kana!*

Sampak Sala nem, suwuk

Monolog Naaman:

Naaman : *Aku ki jan-jane rada bingung. Tekaku menyang Negara Isroil kene arep nggolek tamba, lha kok malah perkarane dadi ruwet. Prabu Ben Hadad ratu Gustiku jebul malah prentah marang Prabu Yoahas supaya laraku diusadani. Mangka aku ki kepingin ketemu karo sing jenenge Nabi Elisa*

sing jare bisa nambani laraku iki. Ya, tak enteni, muga-muga ana dalam supaya aku bisa ketemu Nabi Elisa.

Sampak nem-suwuk

Pathetan sanga cakepan Sangsaya dalu araras abyor kang lintang kumedhap dst., sinambung pocapan:

Kocap, cingak manahing Sang Naaman hawit tinampik dening Sang Prabu Yoahas ing Isroil. Ing sakmangke datan kendel anggennya ngupaya usaha kang dadi gerahira. Sinigeg ganti ingkang kawuwusa, nora kaya jumedhuling Aman lan Amin, paraga dhagelan wayang Wahyu...

Srepeg gedhog

Suwuk-buka celuk: slendhang biru

Adegan 7: Gara-gara

Lagon dolanan/hiburan sakcekapipun

Srepeg Slendro sanga

Ayak-ayak Slendro sanga

Adegan 8: Elisa+Gehazi, Abdiel → Naaman

Keterangan: ayak-ayak sirep, janturan:

Madeg ing padhepokaning Sang Nabi Elisa, ya Eliseus ya Ilyasa. Apa to tegese Elisa? Elisa, tegese "Gusti Allah kuwi karahayon". Eling-eling putraning Sang Safat, duk ing nguni katimbangan dados muridipun Nabi Elia utawa Eliyas. Minangka panerusing Sang Nabi Elia, Sang Elisa kapiji minangka nabining bangsa Isroil wiwit saking jaman Raja Yoram, Yehu, lan sakpunika Raja Yoahas kang lenggah dhampar ing Samaria. Nalika samana, nedhening ari kang asri, Sang Elisa kaadhep keng abdi kekalih nenggih Gehazi dalah Abdiel. Mangkana wijiling pangandika ingkang dereng kawiyos ing lesan.

Keterangan: iringan udhar, Suwuk

Patetan sanga jugag:

Rahayu kang lembah manah, awit bakal nyawang Allah pribadi, oooo

Elisa : Hei Gehazi, kowe ki ya gene, kok ing dina-dina iki mung tansah suntrut, ulate peteng? Kowe ki mikir apa to jane Gehazi? (Abdiel: wah, kantenan kakang Gehazi inggih kados niku, ketok boten semangat). He Gehazi! Keneng apa kowe ki?

Gehazi : Niki jawaban jujur napa boten jujur? Jan-jane nggih bingung anggen kula badhe mangsuli... (bingung piye?). Kula niki kepingin sugih kok ora klakon-klakon. Niku sing marai bingung tur judheg!

Elisa : Yaa, yen kowe mbudidaya sing temen, mesthine ya bisa dadi wong sing sugih. Nyambut gawe sing prigel, kerja keras.

Gehazi : Lha niku, kepinginan dadi wong sugih wonten, ning kok kedah kenceng anggenipun mbudidaya.

Elisa : Yen kuwi ora usah dirembug. Wong bodho wae ngerti. Ngendi ana wong ora tahu nyambut gawe kok ngerti-ngerti sugih karepe dhewe?

Abidel : Sugih amargi keturunan nggih saged jane nggih! (lha kuwi ya mula bukane awit saka wong2 sing gelem rekasa). Ngaten Njeng Nabi, jan-janipun, nggih wonten mawon tiyang sugih ning boten rekaos (priye

- Abdiel?). Nggih nika, umpaminipun: maling, tukang apus-apus, koruptor.
- Elisa** : Ya, sakjane wong sing ngumpulke bandha donya kanthi ora jujur malah jenenge dudu wong sugih. Kae wong sing mlarat: mlarat atine. Awit apa, tumindake ora adil lan nggawe tuna tumraping liyan.
- Abdiel** : Oooo ngaten nggih Njeng Nabi! Kula nggih badhe matur. Benten kaliyan kakang Gehazi, kula malah taksih madosi menapa to intinipun dados pribadi ingkang bahagia punika?
- Elisa** : Oooo, bahagia kuwi apa? Aku rak wis tau kandha bab kabagyan. Ana tandha-tandhane wong sing bahagia (kados pundi kanjeng Nabi?): 1. Isa turu sakpapan-papan kanthi ati ayem, 2. Ora tau ngimpi ala, 3. Nalika tangi turu pasuryane sumringah, 4. Bisa kekancan karo sapa wae tanpa rasa kuatir, 5. Tetembungan lan tindak-tanduke nuruhaken kaendahan, 6. Keteg jantungge ajeg.
- Abdiel** : Kok kadosipun gampang dipun ucapaken nanging angel dipun lampahi nggih?
- Elisa** : Intine ngene, yen kowe pingin bahagia, pinter-pintera anggonmu muji syukur utawa bersyukur. Terus, piye carene bersyukur? Ora ana dalan liya kanggo bersyukur kejaba ngitungi berkah, dudu ngitungi masalah-masalah! (ooo, nggih, nggih, maturnuwun).
- Elisa** : Gehazi lan Abdiel, seje kang dirembug, aku uga arep kandha marang kowe!
- Gehazi** : Nuwun inggih, wonten dhawuh punapa Sang Nabi Elisa!
- Elisa** : Aku mireng pawarta, Prabu Yoahas rajaning bangsa Isroil, nampik panyuwune Raja Ben Hadad supaya Yoahas ngusadani gerahe Sang Senopati Naaman! Malah Prabu Yoahas nyuwek-nyuwek agemane ing sak ngarepe Naaman dhewe!
- Abdiel** : Hah, Prabu Yoahas ngantos nyuwek-nyuwek agemanipun? Wah iki pratandha kakang Gehazi (pratandha apa El, apa tegese El?). Nyuwek-nyuwek ageman kuwi bisa ateges mertobat, bisa ateges lagi prihatin, ning yen nitik perkarane, Prabu Yoahas nganti nyuwek-nyuwek ageman neng ngarepe Senopati Naaman ya kuwi tandha yen Prabu Yoahas ajrih lan kuatir anane mungsuh.
- Elisa** : Wis, wis, Abdiel, aja mbok tutugake!
- Abdiel** : Lha kantenan inggih... Nanging mekaten Njeng Nabi, tiyang nandhang kusta punika tumrap bangsa Isroil, kedah dipun singkiri, dipun siriki! Lha wong tiyang kusta punika najis... Inggih saged ngusadani temtu kemawon inggih namung Gusti Allah piyambak, lumantar Sang Nabi!
- Elisa** : Iya, sakawit aku wus utusan supaya Naaman kinen rawuh ana padhepokan kene. Aku ya wis matur lan nyuwun pirsu marang Prabu Yoahas liwat utusanku, geneya Prabu Yoahas ndadak nundhung Naaman lan nyuwek-nyuwek agemane. Banjur aku matur supaya Senopati Naaman ben rawuh mreng wae. Lho, galo, kae, Abdiel, Gehazi, keprungu suwara bengingèhing turangga, pangeriting rata, sajake Sang Naaman wus rawuh mreng! Sajake kae Naaman kang prapta! Metua njaba Abdiel, coba ditiliki!

Ada-ada slendro sanga:

Kagyating manah rudatin, ndulu lampahing aurip ooo... Pundi lampahing cecela... adhuh Gusti tingalana... eeee

- Abdiel** : Sang Nabi, inggih leres, Naaman Senopati saking Siria ingkang prapteng padhepokan, den irit para prajurit.
- Elisa** : Abdiel, Gusti nedya paring usada klawan Sang Naaman, kowe metua njaba maneh, matura marang Namaan, Naaman konen nyemplung bengawan Yordan! Kon slulup kaping pitu!
- Abdiel** : Nuwun inggih sendika Sang Nabi!

Keterangan: Iringan srepeg slendro sanga Abdiel dibedhol, keluar ke gawang kiri, Gehazi dan Elisa dientas ke gawang kanan. Naaman dan Abdiel tampil bersamaan berhadapan dari kiri dan kanan, tancep, disusul prajuritnya di belakang Naaman. iringan suwuk, ginem.

Abdiel lan Naaman

- Abdiel** : Sang Senopati Naaman, sugeng rawuh ing tlatah padhepokan Elisa mriki! Sang Nabi sampun pirsia menawi paduka njeng senopati badhe pados usada!
- Naaman** : Sapa kowe?
- Abdiel** : Kula namung abdi ing mriki! Nami kula Abdiel!
- Naaman** : Mmm, kowe Abdiel? Apa dhawuhe sang nabi supaya ndak tindakake kareben saras gerakku iki?
- Abdiel** : Kepareng matur Njeng Senopati! Sang Nabi Elisa dhawuh supados paduka Njeng Senopati slulup ing bengawan Yordan kaping pitu!
- Naaaman** : Kepiye??!

Ada-ada slendro sanga

Jaja muntap lir kinetap. Kumejot padoning lathi, netra kocak ngondar andir eeeee

- Naaman** : Heh, Abdiel! Kowe aja ngajak gegojekan klawan senopati bangsa Siria. Direwangi adoh nggonku lumaku, ya mung arep ngupadi usada. Nanging mbareng tekan kene, nabimu sajak ngina karo aku.
- Abdiel** : Lhooo, sang nabi pancen namung dhawuh mekaten!
- Naaman** : Dhawuh-dhawuh gundhulmu! Dakkira nabi kuwi bakal metu nemoni aku, banjur sembahyang marang Pangéran Allahé, sarta numpangaké tangané ing awakku sing lara, lan ngilangaké laraku iki! Jebul sing jenenge nabi Elisa kuwi nabi sing mung sila tumpang neng njero padhepokan!
- Abdiel** : Njeng Senopati! Awratipun punapa ta? Mangga ngestokaken dhawuhing sang nabi, slulup ing bengawan Yordan mriki!
- Naaman** : Abdiel! Kowe ngerti pora? Kali Albana lan Kali Parpar ing Damsyik kuwi luwih apik lan resik tinimbang kali ing Isroil kene! Ora sudi!

Keterangan: Iringan sampak slendro sanga, Naaman pergi ke kiri. Abdiel dibedhol ke kanan. Prajurit mengikuti Naaman, Naaman disentuh pundaknya, iringan suwuk, ginem.

Adegan 9: Naaman kapenggak prajurit

Naaman : Prajurit! Ana apa nyandhet lakuku? Dhupak raimu sisan!
Prajurit : Njeng senopati! Angelipun wonten pundi ta? Nindakaken dhawuhing sang nabi? Rumaos kula boten angel menawi namung slulup ing bengawan Yordan kaping pitu. Tinimbang bebana sanesipun ingkang langkung awrat! Mangga Njeng Senopati, kula aturi menggalih! Badhe saras napa boten?

Naaman : Oh, iyaaaa... iyaa... Aku bakal bali lan arep nindakke dhawuhing Sang Nabi Elisa. Sapa ngerti dibalang donga panyuwunan, dadi lan marine... mung iki panyuwunanku!

Keterangan: Srepeg "Panyuwunan", Naaman dientas ke kanan, dalang menancapkan dua gunung dalam posisi miring untuk menggambarkan sungai. Naaman berendam, berenang di situ.

Adegan 10: Slulup ing Bengawan Yordan lan Mari saka Lara

Iringan sirep, Monolog Naaman: Naaman saras saking gerahipun

Naaman : Weladalah.... Hahahahaha... mandikang dadi ucapmu Njeng Nabi. Mandi banget Njeng Nabi. Lha kok udun-udunku wis padha mari. Weh.. kulitku dadi lan marine lan resik kaya wingi uni. Weladalah.. Njeng Nabi.. Njeng nabi.. Ngaturaken panuwun Njeng Nabi...

Sampak Slendro sanga

Adegan 11: Naaman lan Elisa (Elisa)

Keterangan: Naaman kembali bertemu Elisa, tampil dari kiri tancep di debog bawah, Elisa tampil dari kanan tancep debog atas. Iringan suwuk.

Pathetan manyura, ada-ada:

Wus meh raina semu bang hyang haruna, kadi netraining oga rapuh, sabdaning kukila, ring kanigara saketer... ooo

Naaman : Oh Sang Nabi Elisa, kula sampun saras saking sakit kusta. "Samenika kula mangertos, bilih ing saalam-donya menika namung wonten Allah Setunggal, inggih menika Allah ingkang dipun sembah tiyang Isroil. Pramila, mangga Sang Nabi, kersaa nampi pisungsung kula menika.

Elisa : Njeng Senopati, "Atas asmaning Allah ingkang gesang, ingkang kula ladosi, kula mboten badhé nampi pisungsung menapa kémawon."

Naaman : Dhuh Sang Nabi, mangga, estu, kula aturi nampi!

Elisa : Boten! Boten, estu!

Naaman : Inggih, sarehneng Sang Nabi boten kersa anampi pisungsung kula. Keparenga kula nyuwun siti setunggal rit kemawon, siti punika badhe kula beta ing Siria.

Elisa : Lho, kok mbeta lemah saking mriki, badhe kagem menapa?

Naaman : Njeng Nabi, kula mireng bilih miturut kapitadosan tiyang mriki, menawi badhe manambah dhateng Gusti, kedah katindakaken ing sak nginggiling siti asli saking mriki. Pramila, ing Siria mrika, ing sak nginggiling siti Isroil ingkang kula beta punika, kula badhe manambah ing Gusti Allah. Kula prasetya, bilih kula badhe manambah namung dhateng Gusti Allah, boten manambah malih dhateng reca-reca brahala! (Oooo Njeng Senopati!!!)

Sampak Slendro manyura

Elisa : Ooo, syukur yen to mekaten, paduka badhe manambah Gusti Sang Maha Tunggal.

Naaman : Ewa semanten Sang Nabi, mugi Gusti Allah maringi pangaksama menawi kula taksih ngamping-ampingi Ratu Gusti kula Prabu Ben Hadad anggenipun manembah reca-reca brahala!

Elisa : Saestu namung ngamping-ngampingi mawon?

Naaman : Inggih

Elisa : Njeng senopati, ingkang baken, sok sintena ingkang manembah ing Allah punika mugia saged bagya raharja gesangipun. Lajeng, manungsa punika saged bagya raharja menawi tansah gesang ing sih tresna, tansah nresnani lan tansah dipun tresnani. Pramila, supados bagya raharja, sejatosipun, manungsa punika boten betah kathah-kathah, namung betah setunggal mawon inggih punika SIH TRESNA!

Sampak Manyura, suwuk

Naaman : Ooo mekaten? Supados bagya raharja, sejatosipun boten betah kathah-kathah, awit namung betah setunggal mawon inggih punika SIH TRESNA! Ooo nggih, nggih, sendika ngestokaken dhawuh Sang Nabi Elisa! Ning... boten napa-napa nggih yen kula taksih ngamping-ampingi Ratu Gusti kula Prabu Ben Hadad anggenipun manembah reca-reca brahala!

Elisa : Emmmm, lak inggih namung ngamping-ngampingi to? Sanes panjenengan to ingkang nyembah reca brahala!?

Naaman : Inggih, kula namung badhe manembah dhateng Allah. Kula badhe nresnani kapitayan ingkang kula rasuk!

Elisa : Njeng Nabi, estu lho punika, ngrasuk agami niku boten gampil lho... awit agama lan gesang rohani punika praktek utawi tumindak utawi lelabet ingkang nyata, boten namung teori! Nggih, agama punika sanes teori (tegesipun?). Agama punika praktek, tuladhanipun: Yen Gusti ndhawuhi supaya nresnani mungsuh, inggih niku ingkang dipun lampahi estu. Yen Gusti ndhawuhi, aja males tumindak ala nganggo tumindak ala, nggih niku dipun lampahi. (lha anggenipun nglampahi kados pundi?). Inggih boten usah tebih-tebih, panjenengan saged nglampahi dhawuhing Gusti ing keluarga, boten usah tebih-tebih!

Naaman : Ooo, jebul nduwe agama punika boten gampil?

Elisa : Inggih, mila ingkang ngatos-atos. Cobi dipun penggalih, kathah tiyang duwe agama ning tanpa duwe Gusti Allah (lho kok saged?). Contone, para koruptor. Koruptor kae nduwe agama-wong nang KTPne ya ditulis cetha apa agamane, ning emane, ora duwe Gusti Allah. Agamane ana, ning Gusti Allaha ora ana. Agamane ana, ning korupsi tetep dilakoni. Lha niku sing kula prihatin. Mila njeng nabi, yen ngrasuk agami, mangga kapenggalih estu! Ampun setengah-setengah, yen melu ya melu, aja mung melu-melu!

Naaman : Ooo nggih, kanjeng nabi, kula namung nyuwun pangestu, mugi-mugi kula saged manembah Gusti kanthi temen... nyuwun pamit...

Elisa : Inggih, nggih, mugi-mugi tansah binerkahan ing Gusti...

Keterangan: Iringan srepeg slendro manyura, Naaman dibedhol, menyembah, lalu dientas ke kiri. Elisa ulap-ulap dientas ke kiri, gehazi tampil dari kanan, iringan sirep, ginem.

Gehazi : Ooooo, dadi wong ki nek ra doyan dhuwit ki jenenge goblok!! Goblok! Pa meneh jaman saiki... Piye ta Sang Nabi Elisa iki! Wong dikon

nampani bandha saka Senopati Naaman kok ra kersa! Weihhh, tak tututane Sang Naaman kae!

Keterangan: sirep udhar, Gehazi dientas ke kiri. Gehazi menemui Naaman, iringan suwuk.

Naaman+Gehazi+2 prajurit

Naaman : Heh, ora pangling, iki sajake kowe abdinng Sang Elisa! Sapa jenengmu?
Gehazi : Inggih dherek tepang mawon, nami kula Gehazi! Nyuwun ngapunten njeng Senopati. Kula dipun utus Nabi Elisa, supados matur dhateng panjenengan. Mekaten, nembé kémawon, wonten nabi cacah kalih ingkang dhateng saking paredèn Éfraim. Mila paduka njeng Senopati Naaman katuran maringi arta slaka tigang ewu lan sandhangan saé kalih pengadeg kanggé nabi kekalih menika. Punika dhawuhipun Nabi Elisa!
Naaman : "Oh iya, iya.. He, Gehazi. Waliken paningalmu! Kowe bakal entuk sakmubarang! Ora mung dhuwit slaka telung ewu. Nanging dhuwit slaka nem ewu bakal tak aturke Sang Nabi. Iki, tampanana nem ewu! Lan iki sandhangan sing becik rong pengadeg! He prajurit! Wadhahana dhuwit rong talenta utawa nem ewu lan uga sandhangan sing apik rong pengadeg. Samengko Gehazi iki untapna bali menyang padhepokaning Sang Elisa!

Keterangan: iringan Sampak Pelog barang, Naaman dientas ke kiri, prajurit memberikan Gehazi persembahan yang diminta, setelah itu prajurit dientas ke kiri, Gehazi dientas ke kanan. Gehazi tampil dari kiri berjalan mundur ke belakang sambil menari. Elisa menunggu di belakang. Elisa menyentuh Gehazi, Gehazi kaget lalu tancep debog bawah. Elisa tancep debog kanan atas. Iringan suwuk, ada-ada.

Adegan 13 Penutup: Gehazi lan Nabi Elisa

Asmarandana: Kinayoman Hyang Roh Suci, sun wartakke kabar bungah, myang para miskin lan sekeng. Uga nggawa kabar luwar, marang para tawanan. Pulihing pandelengipun, tumpraping kang samya wuta.

Elisa : Gehazi! (Gehazi kaget), kowe saka ngendi?!

Gehazi : Kula boten saking pundi-pundi!

Elisa : Goroh kowe! Wruhanana! Satemene, batinku ngetutaké lakumu lan weruh nalika Naaman mudhun saka krétané methukaké kowé. Iki rak dudu mangsané wong nampa dhuwit kanggo tuku kebon zaitun, kebon anggur, wedhus lan sapi! Ngerti ora kowe! Lha kok kowe ndadak ngapusi!

Gehazi : E, e, e, boten kok, boten Sang Nabi!

Elisa : Goroh kowe! Iya, yaa ora? Uwis ora isa selak kowe Gehazi! Sarèhné kowé nampani pawèwèhé Naaman, kowé iya bakal nampani lelarané. Lara

kusta kang disandhang dening Naaman, pindhah nang awakmu! Malah anak-turunmu selawas-lawasé ya bakal nandhang lelara mau!"

Gehazi : (nubruk)... Oh la daaaaaalllllaaaah... mati akuuu...!!!

Sampak Pelog barang

Lanc Penutup Pra Sedulur

Tancep kayon



LAMPIRAN II

NOTASI GENDING LAKON NAAMAN SANG SENAPATI

1. Ayak-ayak Sang Pamarta Pelog lima

	x x	5 . 5	6 1 2	(3)
2 1 3 2		6 1 2 3	2 1 . 3	1 2 3 5
6 5 6 5		2 3 5 6	6 6 5 3	6 5 3 (2)
1 6 . 6		1 1 3 2	2 . 2 1	6 1 2 (3)
<i>Lagon:</i>				
. 1 2 3		5 1 2 3	2 1 . 1	6 1 2 3
5 6 . 6		3 . 3 5	6 5 3 6	5 3 1 (2)
3 2 3 3		1 2 3 2	3 2 1 3	1 2 3 5
6 5 6 5		3 6 3 5	5 5 3 2	5 3 2 (1)
2 1 3 2		5 3 2 1	1 . 3 2	1 3 1 6
6 . 1 2	1 3 1 2	2 2 2 1	6 1 2	(3)

2. Srepeg Lu

(3)

1 3 1 3	1 3 2 1	2 1 2 1	3 2 1 (6)
2 1 6 5 6 1 2 (3)			

3. Iringan perang ampyak *pelog*
Sampak

⑥

|| 3 6 1 2 3 6 1 ② 3 3 3 3 2 2 2 ② ||

4. Iringan perang tokoh
Perang tokoh dari gong *nem*

Srepeg Jagul *Pelog Nem*

⑥

|| 3 2 3 2 3 . 2 ③ 3 3 5 6 5 3 2 ③

6 . 6 2 1 2 3 2 3 1 3 ②

6 5 6 5 2 3 5 ⑥ ||

5. Menjadi sampak *nem pelog*

6. Singget Kemuda Kembang Kapas *Sirep*

⑤

|| 1 5 1 5 1 2 4 5 2 4 5 4 2 5 2 ①

5 1 5 1 5 4 2 1 4 2 1 4 1 2 4 ⑤ ||

swk . 1 5 . 5 1 5 . 5 6 5 4 . 2 . ①

7. Ladrang Amba Asih Mring Pangeran *Pelog*

①

. 1 2 3 5 6 5 3 . 3 6 5 5 3 1 2

. 3 2 . 2 3 5 6 5 5 3 2 1 3 2 ①

|| . . 2 3 2 1 6 5 . 3 5 6 5 3 1 2

1 2 3 2 . 2 3 5 3 6 1 2 1 2 3 ① swk

6 5 3 5 3 5 6 1 2 3 5 6 5 3 6 5

2 3 1 2 . 1 2 3 5 6 1 2 1 2 3 ① ||

8. Srepeg Tawakal *Pelog*

①

6561	632①	6123	653②
1235	653②	1235	632①

9. *Ktw Welasana Hamba Pelog lima*

①

6465	6321	6561	542①
6465	6321	6561	542①
2321	3265	1654	546⑤
1654	2465	3121	232①

10. *Srepeg Gudhawa diulangseperlunya*

⑤

6545	2456	212③	
1313	135⑥	5656	
2353	6521	564⑤	

11. *Lancaran Kumalebet (Budhalan) Pelog lima*
Diawali suluk ada-ada:

1515	1235	6656	546⑤
...1	...5	245	245
		555	555
		6542	. 12356⑤
6365			
6365	1216	546⑤	

6365 6365 1216 546⁽⁵⁾

121. 121. 1216 546⁽⁵⁾

121. 121. 1216 546⁽⁵⁾

7656 5424 2321 654⁽⁵⁾||

Seseg menjadi

||.6.5 .6.5 .2.1 .6.⁽⁵⁾

.6.5 .6.5 .2.1 .6.⁽⁵⁾

.2.3 .2.1 .2.1 .6.⁽⁵⁾

.2.3 .2.1 .2.1 .6.⁽⁵⁾

.7.6 .5.4 .2.1 .6.⁽⁵⁾||

12. *Srepeg-sampak slendro nem*

13. *Adegan Prabu Yoahas ayak-ayak slendro nem*

PATHET SANGA

14. *Gara-gara: Srepeg Gedhog*

15. *Srepeg-sampak-ayak-ayak Sala Slendro sanga*

16. *Abdiel menemui Naaman Srepeg sanga*

⁽⁵⁾

||1515 153⁽²⁾ 5252 635⁽⁶⁾

3636 156⁽¹⁾ 5612 516⁽⁵⁾||

17. *Sampak Slendro Sanga*

18. *Iringan Naaman adusing bengawan Yordan*

Srepeg Panyuwunan Slendro Sanga

⁽¹⁾

525i 5i5⁽⁶⁾ i523 532⁽¹⁾

6616 131⁽²⁾ 525i 5i5⁽⁶⁾

i523 532⁽¹⁾ 6616 136⁽¹⁾

19. *Sampak-srepeg Slendro Manyura*

20. *Gehazi oleh bandha, Sampak Plbr*

21. *Lanc. PanutupPraSedulur pl br*

⁽⁷⁾

3 5 6 7 7 7 7 3 5 6 5 3 5 6 (7)

5 6 7 2 4 3 2 2 1 2 3 4 2 4 3 (2)

4 3 2 2 1 2 3 4 3 5 6 5 3 5 6 (7)

Vokal:

. 3 . 5 . 6 . 7 . 3 . 5 . 6 . (7)


. 5 . 6 . 7 . 2 . 3 . 4 . 3 . (2)

. 3 . 2 . 3 . 5 . 7 . 6 . 5 . (3)

. 5 . 6 . 5 . 3 . 2 . 3 . 6 . (5)

. 5 . 6 . 7 . 2 . 7 . 6 . 5 . (3)

. 3 . 2 . 7 . 6 . 3 . 5 . 6 . (7)



BIODATA PENULIS



A. Identitas Diri

1	Nama	Seruni Widaningrum
2	Tempat tanggal lahir	Wonogiri, 5 Maret 1998
3	Alamat rumah	Jl. Garuda No. 198 Gejayan, Condongcatur, Kec Depok, Kabupaten Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta
4	Alamat email	cahyarum467@gmail.com

B. Riwayat Pendidikan

No	Nama Sekolah	Alamat Sekolah	Tahun Lulus
1	SD Negeri Condongcatur	Jl. Kaliurang Km. 6,5, Condongcatur, Kec. Depok, Kabupaten Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta.	2010
2	SMP Negeri 1 Depok	Jl. Sonokeling No. 5, RW. 2, Gejayan, Condongcatur, Depok, Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta.	2013
3	SMK Negeri 8 Surakarta	Jl. Sangihe, Kepatihan Wetan, Kec. Jebres, Kota Surakarta, Jawa Tengah.	2016
4	S-1- Seni Pedalangan Institut Seni Indonesia Surakarta	Jl. Ki Hajar Dewantara No. 19, Jebres, Kec. Jebres, Kota Surakarta, Jawa Tengah.	2020